

## BAB III METODEU PANALUNGTIKAN


### 3.1 Metodeu Panalungtikan

Ieu panalungtikan nyoko kana pamarekan kualitatif maké metodeu déskriptif. Panalungtikan kualitatif nyaéta penelitian anu ngagunakeun analisis jeung sifatna déskriptif. Arikunto (2010, kc. 203) nétélakeun yén métodeu panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan.

Metodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metodeu déskriptif. Aya tilu hal anu bakal didéskripsikeun jeung dianalisis tina tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka, nyaéta déskripsi tradisi Ngarupus, struktur jeung semiotik dina tradisi Ngarupus, sarta hasilna dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca bahasan budaya Sunda di SMA.

### 3.2 Désain Panalungtikan

#### Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta paraji, kulawarga nu boga orok, jeung tokoh agama, hasil rekaman tina acara tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka.

Tina pedaran di luhur sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dipasing-pasing jadi tilu rupa, nyaéta:

- a. Jalma, mangrupa katerangan paraji jeung tokoh agama,
- b. Tempat, nyaéta Désa Bantaragung mangrupa tempat lumangsungna tradisi Ngarupus, jeung
- c. Dokumén, mangrupa catetan hasil wawancara, rékaman video jeung foto tradisi Ngarupus.

### 3.4 Teknik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling utama dina panalungtikan, sabab tujuan utama ngayakeun panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data (Sugiyono, 2012, kc. 224). Téhnik nu dipaké ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tilu rupa téhnik, nyaéta:

- a. Téhnik Observasi  
Téhnik observasi digunakeun pikeun nyatet jeung ngarekam (ngameunangkeun data-data) ngeunaan tradisi Ngarupus, saperti déskripsi tradisi Ngarupus, struktur jeung semiotik tradisi Ngarupus. Ku kituna ieu panalungtikan turun langsung ka lapangan.
- b. Téhnik Wawancara  
Téhnik wawancara digunakeun pikeun néangan informasi atawa ngumpulkeun data ti para narasumber ngeunaan tradisi Ngarupus. Narasumber dina ieu panalungtikan nyaéta paraji, jeung tokoh agama. Data anu dikumpulkeun mangrupa déskripsi tradisi Ngarupus, struktur jeung semiotik tradisi Ngarupus.
- c. Téhnik Dokumentasi  
Téhnik dokumentasi digunakeun pikeun ngadokumentasikeun pakakas jeung bahan anu dipaké dina tradisi Ngarupus jeung prak-prakan tradisi Ngarupus.

Léngkah-léngkah nu dilakukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data téh nyaéta:

- 1) Maca buku-buku sumber nu aya patalina jeung panalungtikan;
- 2) Ngalaksanakeun observasi ka lapangan;
- 3) Ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber;
- 4) Ngadokumentasikeun hasil observasi jeung wawancara; jeung
- 5) Néangan unsur-unsur semiotik nu aya dina tradisi Ngarupus

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. Alat Rekam (*Handphone* jeung Kamera Digital)

*Handphone* mangrupa alat anu dipaké pikeun sadap rekam informan nalika kagiatan wawancara. Sedengkeun kamera digital

mangrupa alat dokumentasi anu ngahasilkeun gambar (*visual*) jeung video (*audio visual*) anu digunakeun ku panalungtik nalika ngadokumentasikeun prosési upacara adat tradisi Ngarupus.

b. Pedoman Observasi

Hal-hal anu diobservasi ngawengku

- 1) Prak-prakan upacara tradisi Ngarupus
- 2) Alat jeung bahan dina tradisi Ngarupus

c. Padoman Wawancara

Padoman wawancara mangrupa jalan pikeun ngumpulkeun data anu bisa ngaéféktifkeun waktu. Wawancara museur kana patarosan-patarosan anu penting.

**Tabel 3.1**  
**Padoman Wawancara ka Paraji**

PADOMAN WAWANCARA KA PARAJI	
1. Nu nepikeun informasi	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Wanda baga	:
d. Pakasaban	:
e. Atikan	:
f. Alamat	:
2. Asal-usul tradisi Ngarupus	:
3. Tujuan diayakeunana tradisi Ngarupus	:
4. Fungsi tradisi Ngarupus	
a. Baheula	:
b. Ayeuna	:
5. Palaku jeung alat naon waé nu dipaké dina tradisi Ngarupus	
a. Palaku	:
b. Alat	:
c. Bahan	:
6. Harti/ma'na dina alat jeung bahan dina tradisi Ngarupus:	

**Tabel 3.2**  
**Padoman Wawancara ka Tokoh Agama**

PADOMAN WAWANCARA (Tokoh Agama )	
1. Nu nepikeun inpormasi	
a. Ngaran	:
b. Umur	:
c. Wanda baga	:
d. Pakasaban	:
e. Atikan	:
f. Alamat	:
2. Hal naon anu dipikawanoh ngeunaan tradisi Ngarupus?	
3. Fungsi tradisi Ngarupus	
a. Baheula	:
b. Ayeuna	:
4. Palaku jeung alat naon waé nu dipaké dina tradisi Ngarupus	
a. Palaku	:
b. Alat	:
5. Patalina tradisi Ngarupus jeung agama :	

### 3.6 Analisis Data

Sangeus data nu rék ditalungtik geus kakumpul, éta data téh diolah sangkan bisa dicindekeun. Ari ngolah datana ngagunakeun analisis struktur jeung analisis semiotik. Aya sawatara léngkah dina nganalisis ieu data, nyaéta:

- 1) Mariksa jeung niténan deui prak-prakan tradisi Ngarupus;
- 2) Milihan data nu kapaké pikeun nyieun laporan;
- 3) Nganalisis struktur (prak-prakan) tradisi Ngarupus;
- 4) Nganalisis unsur semiotikna anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol; jeung
- 5) Nyindekkeun data nu geus kapaluruh.